

1. Imbere ya vyose tubanje gushimira Imana Mushoboravyose yatuzigamyeye ikadushikana kuri iri sango turi bazima, mu gihugu cacu ciza c'Uburundi Imana yaduhaye kandi ikadutungira. Nihabwe icubahiro kiyibereye.
2. Turanezerewe cane kubona turi muri kino kibanza kugira dutanguze icese ibikorwa vy'ikoraniro ry'urwaruka rigira gatatu ku rwego rw'Igihugu. Turahaye ikaze urwaruka rwose rwitavye iri koraniro, tukizera ko umwe wese muri mwebwe azova ngaha afise ico yungutse n'ico azokwungura abandi.
3. Twagira kandi tubakeze mwebwe mboneza z'urwaruka, mwatowe ngo muserukire ama Komine yose agize Igihugu cacu. Ntidukekeranya ko imisi muzomara muri iri koraniro izoba kirumara mw'iterambere ryanyu, iry'imiryango yanyu, mbere n'iry'Igihugu cose.
4. Muhiriwe muhishije, murabona ko abarongozi batari bake, duherewe ku Mushikiranganji ajejwe urwaruka na ba Buramatari banyu baje kubafata mu mugongo. Iki ni ikimenyetso kigaragaza ko Reta y'Uburundi, mu nzego zose, yiyemeje gushigikira urwaruka kuko itegera neza ko ari umushinge w'iterambere rirama.

5. Yamara rero mwibuke ko **atawuhaka uwutisimbiza**, ko mbere n’Imana ifasha uwifashije, muheze muzirikane ko mufise uruhara ntangere mw’itunganywa n’irangurwa ry’imigambi itandukanye; yaba iyiraba urwaruka canke iyiraba Igihugu muri rusangi.
6. Ikoraniro ry’uno mwaka rifatiye ku civugo gikurikira : « **TUZIRIKANE IGIHUGU N’URUHARA RW’URWARUKA MU GUTEGURA KAZOZA KEZA K’IGIHUGU CACU**». Iki civugo kiduhamagarira gukubitiza agatima mpembero no gutereza amaso inyuma, tukazirikana ko Imana yaduteye iteka ridasanzwe mu kuduha Igihugu ciza gihurumbirwa na bose. Igihugu kimera imbuto zose, kirimwo ubutare bwinshi kandi bw’agaciro ntangere, Igihugu Abenegihugu baco bavuga ururimi rumwe, bafise imico imwe, bemera Imana imwe, duheze twishimire kuba Abarundi.
7. Nimuze rero twiyamirize kandi twigire kure ba mpemuke ndamuke na ba sesankuyoze, baba Abarundi benewacu, canke abanyamahanga, baza kutuvangura no kutwononera Igihugu ku nyungu zabo. Tubamirire kure, tubadomeko urutoke na kare ngo «**uhishira umurozi akakumarira abana**».
8. Rwaruka, abatuboneye izuba barayamaze ngo «**Ijisho rigutuka inkuba n’irigutuka**

inkumi nturiyoberwa».Uwubashakira neza si urya azoza kubatesha amashure no kubaroha mu bintazi canke mu buhumbu, ni nyabuna urya azoza abigisha gukunda ibikorwa, akabereka ingene mwokwiteza imbere, akabereka inzira nziza itazigura kandi itazimiza, akabigisha imibano myiza, akama abibutsa ko muri benemugabumwe, beneburundi.

**Banyakwubahwa mwese,
Batumire bahire,
Rwaruka;**

9. Urwaruka rw'Uburundi rugizwe n'ibice birenga 60 kw'ijana vy'Abenegihugu. Rurafise inguvu nyinshi ari na co gituma abatovy'i bashaka kwonona bama barugira ikiraro. Izo nguvu zanyu rero tubasaba kuzikoresha mu kwiteza imbere no mu guteza imbere Igihugu cacu. Uwo wese azobararikira gukoresha inguvu zanyu mu kudurumbanya Igihugu canke kugisambura azoba ari umwansi wanyu, muramwima amatwi mbere mumushengeze.

10. Tubasavye kandi kuvavanura n'ingeso y'ubunewe. Nimukure nyabuna amaboko mu mpuzu, muje hamwe, mugire urunani

rw'intamenwa, mushigikirane, ivyo umwe ashoboye avyigishe mugenziwe, murangwe no kwuzuzanya, mubere akarorero n'icitegererezo urundi rwaruka.

11. Gurtyo urwaruka rutubere ubutunzi aho gufatwa nk'ingorane canke isôko y'umutekano muke. Inguvu n'ubwira vy'urwaruka rwacu biba inzira irashe yo gushikana Igihugu cacu kw'iterambere rirama.

12. Ni co gituma mu Mugambi w'Igihugu werekeye urwaruka Reta y'Uburundi yemeje mu mwaka wa 2016, yashimangiye uruhara rw'urwaruka mu migambi yose irwerekeye.

13. Ibihe turimwo bidusaba kwitonda, kwihweza neza no kwitegereza, tukibaza, ntitujane nyabaturu canke ngo dufate ingingo gihutihuti kuko dushobora kwibuka kuyora twamaze gusesa. Tuvavanure n'ingendo zimwe zimwe zitubuza gutera imbere, ariko nyabuna turwize ibikorwa biduteza imbere. Abasokuru barayamaze ngo «**uwuhana inzara arayirimira**», dutere iteka Igihugu cacu muvyeyi wa twese mu kugikorera.

14. Dufatiye ku biharuro dufise, dusanga urwaruka rufise imyaka iri munsu ya mirongo ibiri n'itanu, rungana n'ibice mirongo itandatu na bitandatu kw'ijana (66%). Nk'uko

Ishirahamwe ry'Ibihugu bigize Ubumwe bwa Afirika ryabisavye mw'Thangiro **Vision 2030**, ico gitigiri aho kugifata nk'ingorane, tugifatireko nyabuna mu guteza imbere Igihugu.

Rwaruka;

- 15.** Inyigisho abahinga bazobashikiriza muri iyi misi ibiri, muzifate nkama, zirimwo impanuro n'ubumenyi bidasanzwe, bafatiye ku bihanze urwaruka n'intambamyi zitandukanye zirubuza gutera imbere. Bazobashikiriza mbere n'inyigisho zizobafasha kugendera imico myiza y'Abarundi, gukunda Igihugu haba mu kugikorera kukivuga no kukivugira, tutibagiye kwitorera indongozi n'ibindi.
- 16.** Izo nyigisho zose zizobafasha guhindura ingendo mu kwitegurira neza kazoza kanyu. Ni akaryo keza rero ko kubaza no gusiguza aho muzoba mudasobanukiwe na kare ngo « **Ugenda utabaza ugasaza utamenye** » kandi ngo : « **Uhisha ubwari nyoko ntiwarama** ».

**Banyakwubahwa mwese,
Batumire bahire,
Rwaruka;**

17. Turasubiye kwibutsa ko tutazohengeshanya gushigikira imigambi n'ibikorwa vyose biteza imbere urwaruka. N'ikimenyamenya, twama twishikiye mu bikorwa vy'ikoraniro ry'urwaruka kuva ritangura, tutibagiye n'ayandi mahuriro y'urwaruka kugira tubatere intege.

18. Imbere yo gusozera, twashaka dufate umwanya dutange impanuro ku rwaruka no kuri abo bose bafise uruhara mu guteza imbere urwaruka:

➤ Rwaruka, murama na ntaryo mwumvira impanuro z'abavyeyi, abarezi n'ababakurira na kare ngo **«uwutayaze na se ntamenya umugani wa sekuru»**, vyongeye **«Agashitsi ka kera kavumbika umuriro»**.

➤ Murangwe n'umwete, ubwira n'ubukerebutsi, ubutwari n'ubuhizi, kandi murushirize kwitaho ivyigwa n'imyuga.

➤ Ba sokuru barayamaze ngo **«Uwubandwa niwe abanda urūgi»** mutegerezwa gufata mu minwe mwebwe nyene kazozo kanyu, mwubahe ababakurira ariko ntimubatinye,

mubashikirize ivyipfuzo vyanyu mufatiye kuri kazoza mwipfuza.

- Murama mwitwararika guhanuza abavyeyi, abarezi, abarongozi n’ababakurira kuri aho hose mufise amadidane canke mwijijanya imitima.
- Muririnda ico cose giteye kubiri n’indero kavukire ishingiyeye ku mico, imigenzo n’akaranga vy’Abarundi. Ubuhumbu, amareresi n’ibitabu vy’ibiterasoni, imvugo, inyifato, inyambaro bitabereye Umurundi, n’ibiyovyabwenge mubigire umuziro, **muzirikane ko ingendo y’uwundi ivuna, kandi ko ingeso y’urugo itubaka urundi.**
- Ni mukoreshe ubuhinga bushasha bwo guhanahana amakuru n’inkuru mu kwiubaka, kwubaka abandi n’Igihugu canyu gusa.
- Ni mwijukire kuja mu mashirahamwe, muhanahane ivyiyumviro vyubaka kandi musangire imigambi. Zirikane na ntaryo ko **umutwe w’umwe utwigira inama, ko**

imiti ikora ikoranye, ko tubiri tuvurana ubupfu, kandi ko nyamwigendako atarimira impeshi.

- Turasavye abavyeyi n’abarezi kutadohoka no kudatanga imihoho kw’Ibanga ryabo. Twese twumve ko umwana ari uwa bose, turerere Uburundi, dutegure kazozo keza k’Igihugu cacu tubicishije mu kunagura ya ndero kavukire yo kuziko no ku gicaniro.
- Abajejwe gutunganya inyigisho basabwe kwisunga ibihe tugezemwo, bagategura inyigisho z’akanovera zizofasha urwaruka kwitunganiriza imigambi myiza muri kazozo ariko batibagiye gushimangira imico, imigenzo n’akaranga vyamye biranga Abarundi kuva kera na rindi, vyo mushinge w’iterambere rirama.
- Abarongoye imigambwe, amashirahamwe, amadini n’amashengero, tubasavye gushira imbere urwaruka mu migambi myiza yabo.
- Urwaruka rwacu, abavyeyi, abarezi, abarongozi, twese hamwe twame twibuka ko Imana ari Umuvyeyi w’abavyeyi. Tuyiture imisi yose, muri vyose na hose, tuyisabe

imurikire ivyiyumviro, imvugo n'ibikorwa vyacu, nayo ntizodutetereza nk'uko itigeze itetereza abayishize imbere kuva kera na rindi.

➤ Turasavye urwaruka gukunda Igihugu cacu, mugikorere, muteramire amahoro n'umutekano aho muherereye, mwime amatwi inyosha mbi na ba sesankuyoze kuko na kare ngo **«inyosha mbi ingana umurozi»**.

➤ Ihate mu gutorera inyishu ibibazo bimwe bimwe vyanyu, ntimwame muhanze amaso Reta muri vyose, ahubwo muyisabe kubunganira no kubasahiriza.

➤ Tubahamagariye kurangwa n'ubumwe, urukundo n'ugushigikirana, muje hamwe mu mashirahamwe yo kwiteza imbere na kare ngo **«ukuboko kumwe kuriyaga ntikwimara uburyi»**, kandi **«Imitwe ikora ikoranye»**.

➤ Tubahamagariye kandi kwifatanya n'abandi Barundi mu gikorwa c'iteka co kwerekana aho muhagaze ku mpinyanyuro ry'Ibwirizwa Shingiro ry'Igihugu cacu.

19. Turamenyesheje ko tutazokwihanganira uwo wese, yaba Umurundi canke umunyamahanga afise intumbero yo gucuvya no kuyovya urwaruka rw'Uburundi. Turazi kandi

turazirikana ko izija guhona zihera mu ruhongore.

20. Mu kurangiza, twagira dukengurukire abatunganiye iri huriro, n’abo bose bagize uruhara kugira urubanza rw’uno musu rugende neza: abajejwe intwari, abajejwe umutekano, abarongozu b’ibisata bitandukanye vy’ubuzima bw’Igihugu, abamenyeshamakuru, abo tuvuye n’abo tutavuye, abari ngaha n’abatashoboye kuhashika, mwese turabakengurukiye cane.

21. Dusozereye dutangaza ko twuguruye icese ibikorwa vy’Ikoraniro rigira gatatu ry’Urwaruka ku rwego rw’Igihugu. « **TUZIRIKANE IGIHUGU N’URUHARA RW’URWARUKA MU GUTEGURA KAZOZA KEZA K’IGIHUGU CACU**».

**IMANA IHEZAGIRE URWARUKA
RW’UBURUNDI.
IMANA IHEZAGIRE UBURUNDI N’ABARUNDI.
MURAKOZE!**